

Koklich

Vaksinasyon an
se pi bon mwayen
pou w pwoteje
tibebe w la.

KISA li ye?

Se yon maladi respiratwa ki atrapan anpil e se yon bakteri ki bay li. Li souvan grav anpil kay tibebe yo. Li kapab lakoz:

- Yon gwo tous ki kapab dire plizyè semèn
- Respirasyon ki kanpe pou yon ti tan
- Yon enfeksyon nan poumon
- Dega nan sèvo oswa lanmò (li ra)

POUKISA pou w pran vaksen an?

- Vaksen an anpeche 90% nan tibebe ki poko gen 3 mwa yo al entènè lopital epi li sove lavi 95% ladan yo.
- Lè yo ba w vaksen an pandan w ansent, li pwoteje tibebe a jiskaske l pran premye vaksen li sou 2 mwa.
- Vaksen an fè sentòm yo mwens grav.

Québec 

KILÈ pou w pran vaksen an?

Pou **timoun yo**:

- Selon kalandriye nòminal la, sou:

2 mwa  4 mwa  12 mwa  4 a 6 lane 

- Si timoun nan rate youn (1) oswa plizyè dòz vaksen

Pou **granmoun yo**:

- Pandan chak gwosès, sou 26 semèn oswa apre
- Si w pa t janm pran vaksen an
- Lè yon pwofesyonèl swen sante rekòmande l

Centre intégré
universitaire de santé
et de services sociaux
du Centre-Sud-
de-l'Île-de-Montréal

Québec 



Li pa janm twò ta
pou w pran tout
vaksen w yo.

KIJAN pou w pran vaksen an?



Pou w pran vaksen an, pran yon randevou sou **clicsanté.ca**. Vaksen an gratis. Ou pa bezwen yon kat asirans sante (RAMQ).

Pou w JWENN plis enfòmasyon



Pale sou koklich la avèk pwofesyonèl swen sante w la oswa ale sou **ccsmtl.ca/coqueluche**.